


**Xasiidag (ASTAXFIRUL LAAHA BIHII)**

1- Maa ngi jéggalu Yàlla mu Màgg mi, te di ko tuubal mbooleem li feeñ ak li nëbbu.
2- Ci barkeb jëmmam ju tedd ja, laay sàkkoo njéggal ci mbooleem tere yi.
3- Tuubal naa ko mbooleem bàkkaar yu ndaw yi ak yu mag yi, ak ci sama bépp xalaat bu yellut.
4- Yaw Jéggalekat bi, jéggal ma mbooleem sama bàkkaar yu njëkk ak yu mujj ak yi ci seen diggante.
5- Sama Boroom yal nanga ma déggloo xam-xam yi, te dolli ma xam-xam ak jëf ak i teggiin akug dégg.
6- Sama Boroom wan ma xam-xam yu am njariñ yi, te nga def samag dund muy feg (defendre) ag texeedi.
7- Sama Boroom wan ma mbóot (secret) ya ak xam-xam yu xóot ya, yaw miy ngën ji kuy wane mbóot yu xóot.
8- Mbooleem yiw yi tasaaroo dajalel ma ko ci samam mbind, te nga sellal sama xol.
9- Yaw sama Boroom nanga ma yóbbu fa xalaat ya gën a màgg ci barkeb kun, te nga ñoŋal sama xalima.

10- Sama Boroom may ma yiw wu bari akuw neexit ci jàng Alxuraan.

11- Sama Boroom yal nanga def barke ci samag dund, te def samab dënn muy dëkkub Alxuaraan.
12- Def ma may mbégtem képp kuy tuub, te nga fésalal ma yi feeñ ak yi nëbbu yépp.

Moor Suraŋ